


LÈ OU AGEN DYABÈT EPI OU MALAD

Li ka difisil pou ou kontwole glisemi ki nan san ou lè ou malad. Menm pwoblèm òdinè, tankou grip, vomisman, ak lafyèv kapab lakòz pwoblèm sante ki grav. Men kèk bagay enpòtan pou ou sonje lè ou malad :



Bwè likid ki san kafeyin chak inèdtan, si ou kapab.




Eseye manje plan aliman ou manje regilyèman.



Make :

- tout sa ou manje ak bwè
- nivo glisemi ou chak kat èdtan
- setòn ou chak kat èdtan — si w ap pran ensilin



Rele doktè k ap swiv ou a oswan klinik kote w swiv la depi w malad epi pa konnen kisa pou ou fè, oubyen si ou :

- pa kapab manje oubyen bwè likid
- w ap vomi oswa ou gen yon dyare
- twò malad pou w pran medikaman dyabèt ou
- pa kapab kontwole sglisemi ou oswa ou gen setòn

